

NYLPI

New York Lawyers For the Public Interest, Inc.
 151 West 30th Street, 11th Floor
 New York, NY 10001-4007
 Tel 212-244-4664 Fax 212-244-4570
 TDD 212-244-3692 Email info@nylpi.org
 Website www.nylpi.org



**THE NEW YORK IMMIGRATION
 COALITION**
 137-139 West 25th Street, 12th Floor
 New York, NY 10001
 Tel: (212) 627-2227 Fax: (212) 627-9314
www.thenyic.org

KNOW YOUR RIGHTS!

Under NY State's New Hospital Language Assistance Law

Le 13 septanm 2006 gen yon nouvo lwa ke yo pase nan tout lopital prive ak piblik nan New Yok pou ede moun ki gen pwoblèm kominikasyon ak angle. Nouvo lwa sa soti pou fasilite ou jwenn swen epi pou pwoteje'w pou yo pa maltrete ou paske ou gen pwoblèm kominikasyon nan lopital yo. Si abilite'w pou'w pale angle limite, oubyen si ou avèk oubyen soud, ou gen dwa pou'w jwenn asistans kominikasyon gratis epi ou sipose atann ou akbagay sa yo lè ou ale nan yon lopital:

Lopital yo dwe:

- ◆ Mande'w ki lang ou pito pale le premie vizit ou nan lopital la epi yo dwe pale lang sa avek ou. Lopital la dwe pare pou yo ede'w nan lang ou si ou viziteyo ankò.
- ◆ Ofri'w yon tradiktè gratis ki pale lang ou byen.
- ◆ Kite yon tradiktè disponib pou tout tan ou bezwen pale avèk anplwaye lopital la. Lopital la ka itilize anplwaye bilang, sèvis kominikasyon telefonik avek/oubyen tradiktè ki nan lopital la menm pou ede'w avèk pwoblèm kominikasyon'w.
- ◆ Gen infòmasyon disponib ki di'w kijan pou'w jwenn asistans lang gratis.
- ◆ Mete pankat ki pale de sèvis asistans lang gratis yo.
- ◆ Eksplike bòdwo'e, infòmasyon asirans ak opsyon pou asistans ekonomik nan lang ou.
- ◆ Pa mande okenn moun ki poko gen 16 an tradui pou ou.
- ◆ Bay sèvis tradiksyon menm si ou gen yon fanmi'w oubyen zanmi'w ki ale lopital avek ou pou ba'w sipò emosyonel epi ede'w pran desizyon nan zafè sèvis sante'w.

Si okenn nan bagay sa yo te rive'w nan New Yok, silvouple kontakte moun **New York Lawyers for the Public Interest nan 212-244-4664 epi mande pou Nisha Argawal**. Yo ka ede'w jwenn pi bon sèvis epi nap travay ak lopital yo pou amelyore sèvis yo epi corije tout infraksyon.

Si yo:

- ◆ Te di'w ke lopital la paka asiste'w nan lang ou..
- ◆ Pa ofri'w yon tradiktè gratis menm si ou pakab kominike nan lang angle ase byen pou'w pale de pwoblèm medikal ou.
- ◆ Te fòse'w tann yon pakèt tan pou'w wè yon doktè paske ou te mande yon tradiktè, oubyen paske lopital la pat konprann lang ou.
- ◆ Te mande'w mennen prop tradiktè'w nan redevou'w, oubyen si lopital la mande yon moun nan fanmi'w oubyen moun kap tann ou an sèvi kòm tradiktè.
- ◆ Si ou pat konprann sa moun nan lopital la te di'w paske yo pat pale lang ou.
- ◆ Te mande'w siyen papye ke ou pat menm konprann paske yo pat nan lang ou.
- ◆ Te ba'w yon tradiktèki pat pale lang ou ase byen pou li pale de zafè medikal.

Lopital pa gen dwa fè diskriminasyon baze sou lang, ras, oubyen pozisyon ou nan imigrasyon. Lopital yo pa bay ajan imigrasyon yo infòmasyon sou ou.